



Plan Debaz E-ZPass

Plan Debaz MTA Bridges and Tunnels/New York State Thruway/Port Authority of NY&NJ/New York State Bridge Authority ak Buffalo and Fort Erie Public Bridge Authority (Pon Peace): Itilizasyon minimòm pa obligatwa. Rabè E-ZPass disponib nan tout **enfrastrikti yo Administrasyon Pò** yo. Nan **Pon ak Tinèl MTA**, rabè EZPass disponib. Nan tout enfrastrikti **New York State Thruway** ak **Pon Eta New York**, rabè EZPass yo aplike. Ou ka itilize plan sa a kèlkeswa kote ou wè pano E-ZPass parèt.

Kòd Plan: (ESTANDA) - Peman Davans Obligatwa (\$25.00).

Plan Deplasman yo

Plan Deplasman Thruway Tappan Zee Bridge: Resevwa yon rabè \$2.00 pou chak deplasman (\$3.00 parapò ak tarif \$5.00 pou peye avèk lajan kach) sou Pon Tappan Zee. Ou dwe fè 20 deplasman omwen chak mwa. Si ou fè mwens pase 20 deplasman pa mwa, w ap gen pou peye \$3.00 pou chak deplasman ou pa fè. **Kòd Plan: (TZC) - Peman Davans Obligatwa (\$60.00).**

Plan Deplasman Thruway Tappan Zee Bridge pou Moun ki Vwayaje nan Menm Veyikil: Resevwa yon rabè \$4.50 (\$0.50 parapò ak tarif \$5.00 pou peye avèk lajan kach) sou Pon Tappan Zee. Ou dwe gen twa (3) oswa plis moun nan veyikil la. Peyaj \$0.50 aplike sèlman nan liy ki gen Kolektè Peyaj; ou peye \$3.00 pou chak deplasman nan liy ki pa gen Kolektè Peyaj. Ou dwe fè 20 deplasman omwen chak mwa. Si ou fè mwens pase 20 deplasman pa mwa, w ap gen pou peye \$0.50 pou chak deplasman ou pa fè. **Kòd Plan: (TZPL) - Peman Davans Obligatwa (\$25.00).**

Plan Deplasman Thruway Grand Island: Resevwa yon rabè \$0.72 pou chak deplasman (\$0.28 parapò ak tarif \$1.00 pou peye avèk lajan kach) sou Pon Grand Island yo. Ou dwe fè 20 deplasman omwen chak mwa. Si ou fè mwens pase 20 deplasman pa mwa, w ap gen pou peye \$0.28 pou chak deplasman ou pa fè. Si ou chwazi plan sa a, ou p ap gen pou peye \$25 davans ki obligatwa a. **Kòd Plan: (GIC) - Peman Davans Obligatwa (\$5.00).**

Plan Deplasman Thruway New Rochelle: Resevwa yon rabè \$0.65 (\$1.10 parapò ak tarif \$1.75 pou peye avèk lajan kach) nan New Rochelle Barrier. Ou dwe fè 20 deplasman omwen chak mwa. Si ou fè mwens pase 20 deplasman pa mwa, w ap gen pou peye \$1.10 pou chak deplasman ou pa fè. **Kòd Plan: (NRC) - Peman Davans Obligatwa (\$25.00).**

Plan Deplasman Thruway Yonkers: Resevwa yon rabè \$0.70 (\$0.55 parapò ak tarif \$1.25 pou peye avèk lajan kach) nan Yonkers Barrier. Ou dwe fè 35 deplasman omwen chak mwa. Si ou fè mwens pase 35 deplasman pa mwa, w ap gen pou peye \$0.55 pou chak deplasman ou pa fè. **Kòd Plan: (YKC) - Peman Davans Obligatwa (\$25.00).**

Plan Deplasman Thruway Harriman: Resevwa yon rabè \$0.70 (\$0.55 parapò ak tarif \$1.25 pou peye avèk lajan kach) nan Harriman Barrier. Ou dwe fè 35 deplasman omwen chak mwa. Si ou fè mwens pase 35 deplasman pa mwa, w ap gen pou peye \$0.55 pou chak deplasman ou pa fè. **Kòd Plan: (HAC) - Peman Davans Obligatwa (\$25.00).**

Plan Rabè New York State Bridge Authority: Resevwa yon rabè \$0.50 (\$1.00 parapò ak tarif \$1.50 pou peye avèk lajan kach) sou pon Rip Van Winkle, Kingston-Rhinecliff, Mid-Hudson, Newburgh-Beacon, ak Bear Mountain. Ou dwe fè 17 deplasman omwen chak mwa. Si ou fè mwens pase 17 deplasman pa mwa, w ap gen pou peye \$1.00 pou chak deplasman ou pa fè. Plan sa a afekte pou yon Transpondè E-ZPass espesyal. **Kòd Plan: (NYSBA) - Peman Davans Obligatwa (\$25.00).**



Plan Port Authority Staten Island Bridges: Disponib Tout Lè

Plan Port Authority NY/NJ Staten Island Bridges (PASI) ofri yon rabè 58% sou tarif peyaj ou peye avèk lajan kach. Plan an disponib pou veyikil ki gen plak ki pa komèsyal ak kont prive E-ZPass nan E-ZPass New York oswa New Jersey. Enskripsyon obligatwa. Tarif peyaj Plan an se \$6.25 dola pou chak vwayaj (plis \$9.50 dola pou chak aks anplis de aks) nan Bayonne Bridge, Goethals Bridge, oswa Outerbridge Crossing, depi ou fè omwen twa (3) vwayaj pou ale nan Staten Island nan yon sèl mwa almannak ki pa gen rabè avèk Plan Carpool oswa Green Pass. Si kliyan pa fè twa (3) vwayaj yo, l ap peye tarif E-ZPass (lè gen anpil veyikil oswa lè pa gen anpil veyikil) ki anvigè a. Tout transpondè E-ZPass ki sou kont lan aplike pou obligasyon minimòm twa (3) vwayaj la. **Kòd Plan: (PASI)**

Plan Pèmi Anyèl pou Wout Rapid: Ou peye yon frè chak ane pou premye distans 30 mil oswa mwens pou chak depasman nan sistèm ki bay kontravansyon sou Wout Rapid la, sof lè ou travèse Pon Castleton-on-Hudson, kote yo fè ou peye yon frè \$0.62 anplis. Peye kantite lajan ki endike anba la a pou chak transpondè, selon ki mwa ou antre nan plan an: Janvyè: \$88; Fevriye: \$81; Mas: \$74; Avril: \$67; Me: \$60; Jen: \$53; Jiyè: \$46; Out: \$39; Septanm: \$32; Oktòb: \$24; Novanm: \$16; Desanm: \$8. Yo afekte plan sa a pou yon Transpondè E-ZPass espesyal. **Kòd Plan: (NY12)**

Rabè Administrasyon Pò a ba sou Volim Kamyon: Pwogram Rabè sou Volim Kamyon ofri yon lòt rabè 10% sou tarif peyaj E-ZPass lè pa gen anpil veyikil pou kliyan E-ZPass ki gen yon kont komèsyal New York oswa New Jersey epi ki fè 100 depasman oswa plis nan direksyon Port Authority New York pandan lè ki pa gen anpil aktivite. Y ap bay kredi yo dirèkteman pou kont ki kalifye yo chak mwa san yon egzijans pou antre nan pwogram nan.

Pwogram Rabè Komèsyal sou Pon Verrazano-Narrows: Kòm rezilta Pwogram Rabè MTA, apati 1ye avril 2014, veyikil komèsyal k ap pase plis pase 10 fwa sou Pon Verrazano-Narrows nan yon mwa almannak avèk menm kont Komèsyal ak Kont Biznis E-ZPass New York ap resevwa rabè pou redui peyaj E-ZPass yo a 18%. Yo dwe pase omwen 11 fwa nan yon mwa almannak sou Pon Verrazano Narrows, kote nou touche peyaj yo sèlman nan direksyon ki prale nan Staten Island dapre lwa federal ki anvigè. Pa gen egzijans pou antre nan Pwogram Rabè a; tout kont Komèsyal ak kont Biznis Sant Sèvis Kliyantèl New York (New York Customer Service Center) antre nan pwogram nan otomatikman. Tanpri sonje vwayaj veyikil ki gen pasaje yo pa kalifye epi kont ou dwe an règ pou ou resevwa rabè a. **Kòd Plan: (VNC)**

Plan Rabè pou Moun k ap viv nan Zòn nan

Moun k ap Viv nan Zòn MTA Staten Island*: Kòm rezilta yon Pwogram Rabè MTA, apati 1ye avril 2015, rezidan yo ap peye \$5.50 dola (parapò avèk tarif \$16.00 dola an lajan kach) sou Pon Verrazano-Narrows, kote nou touche peyaj yo sèlman nan direksyon ki prale nan State Island dapre lwa federal ki anvigè. Rezidan yo ap resevwa yon rabè \$1.10 dola sou peyaj SIR \$6.60 dola pou yon kont SIR avèk youn oswa de (2) vwayaj nan yon mwa almannak ak yon rabè \$.74 dola sou chak peyaj SIR \$6.24 dola pou yon kont SIR avèk plis pase de (2) vwayaj nan yon mwa almannak. Sizoka pwogram rabè sa a sispann, peyaj SIR pou kont ki gen youn oswa de (2) depasman ap \$6.60 epi pou kont ki gen plis pase de (2) depasman ap \$6.24 dola. Veyikil yo fèt pou anrejistre nan yon adrès valab moun nan ki nan Staten Island. Tanpri sonje veyikil ou itilize pou rezon komèsyal pa kalifye pou plan yo bay moun k ap viv nan zòn nan. Yo ka fè yon revizyon chak peryòd pou verifye si kliyan an ap viv nan zòn nan. **Kòd Plan: (SIR)**



Moun k ap Viv nan Zòn MTA Rockaway/Broad Channel*: Resevwa yon rabè \$2.64 pou chak depasman (\$1.36 parapò ak \$4.00 pou peye avèk lajan kach) sou Pon Marine Parkway ak Cross Bay. Peyaj sou Pon Cross Bay gen yon rabè apre chak depasman. Veyikil yo dwe anrejistre nan yon adrès valab moun k ap viv nan zòn Rockaway/Broad Channel nan youn nan kòd postal sa yo: 11691, 11692, 11693, 11694, 11695, and 11697. Tanpri sonje veyikil yo itilize pou rezon komèsyal yo pa kalifye pou plan pou moun k ap viv nan zòn nan. Yo ka fè yon revizyon chak peryòd pou verifye si kliyan an ap viv nan zòn nan. **Kòd Plan: (RR)**

Moun k ap Viv nan Zòn Thruway Grand Island:** Resevwa yon rabè \$0.91 pou chak depasman (\$0.09 parapò ak tarif \$1.00 pou chak depasman) sou Pon Grand Island yo. Ou dwe bay dokiman ki pwouve w ap viv nan Grand Island. Itilizasyon minimòm pa obligatwa. Yo ka fè yon revizyon chak peryòd pou verifye si kliyan an ap viv nan zòn nan. Si ou chwazi plan sa a, ou p ap gen pou peye \$25 davans ki obligatwa a. **Kòd Plan: (GIR) - Peman Davans Obligatwa (\$5.00).**

* Mete yon kopi youn nan dokiman sa yo: anrejistremant veyikil, lisans chofè, oswa bòdwo sèvis piblik. Ou ka itilize anrejistremant youn veyikil sèlman sou yon kont E-ZPass. Yo ka fè yon revizyon chak peryòd pou verifye si kliyan an ap viv nan zòn nan.

** Ou dwe bay yon kopi lisans chofè ou, yon kopi bòdwo sèvis piblik oswa yon kopi kontra afèmaj ou AK yon kopi anrejistremant veyikil la pou chak Transpondè E-ZPass ou mande. Ou ka itilize anrejistremant youn veyikil sèlman sou yon kont E-ZPass. Yo ka fè yon revizyon chak peryòd pou verifye si kliyan an ap viv nan zòn nan.

Plan Rabè pou Veyikil

Plan Port Authority pou Moun ki Vwayaje nan Menm Veyikil: Disponib Tout Lè
Plan Kovwatiraj Administrasyon Pò (Port Authority Carpool Plan, PACP) disponib pou [Veyikil kategoti 1 ak 11](#) ki gen plak non-komèsyal ak kont prive E-ZPass nan E-ZPass New York oswa New Jersey. Enskripsyon obligatwa. Tarif peyaj Plan Kovwatiraj Administrasyon Pò se \$6.50 pou chak vwayaj (plis \$9.50 pou chak aks siplemantè anplis se aks yo), depi gen twa oswa plis moun nan machin nan epi si machin nan pa angaje nan komès oswa biznis (sètadi, si l ap fè pwofi oswa si li gen entansyon pou fè yon pwofi, tankou yon machin pasaje pou travayè). Kliyan yo dwe itilize yon liy ki gen anplwaye "Cash/E-ZPass" epi yo dwe kanpe machin yo nèt yon fason pou Pèseptè Peyaj la kapab verifye kantite moun ki nan machin nan. **Kòd Plan: (PACP)**

Plan Rabè Administrasyon Pò a pou Kat Vèt: Plan Rabè Administrasyon Pò a pou Kat Vèt (Port Authority Green Pass Discount Plan, PAGRN) disponib pou veyikil kalifye ki gen kont E-ZPass ak E-ZPass New York. Enskripsyon obligatwa. Tarif peyaj Plan an se \$7.00 dola pou chak vwayaj (plis \$9.50 dola pou chak aks siplemantè anplis de aks yo) pandan lè ki gen anpil veyikil sou Lis Kalifikasyon Veyikil Pwogram Clean Pass New York ki enskri davans pou pwogram nan. **Kòd Plan: (PAGRN)**

Plan Rabè pou Motosiklèt sou Wout Rapid*:** Ou dwe bay prèv anrejistremant motosiklèt la pou resevwa transpondè motosiklèt espesyal. Y ap fè motosiklèt yo peye 50% tarif peyaj la avèk lajan kach. Ou pa kapab melanje plan sa a avèk plan depasman yo. **Kòd Plan: (MTRC)**

Plan Rabè pou Kat Vèt sou Wout Rapid*:** Resevwa yon rabè espesyal 10% sou tout enfrastrikti Wout Rapid pou veyikil Ibrid ki fè omwen yon distans 45 mil pou chak galon gaz, epi ki satisfè prensip espesyal pou degaje lafimen jan sa endike nan sitwèb Administrasyon an website www.thruway.ny.gov/ezpass/greentag.html. Ou pa kapab melanje plan sa a avèk plan depasman yo. **Kòd Plan: (GREEN)**



Plan Rabè pou Kay-sou-Woulèt sou Wout Rapid*:** Ou dwe bay prè anrejistreman kay-sou-woulèt la pou resevwa rabè espesyal sou kay-sou-woulèt la. Kay-sou-woulèt yo ap resevwa tarif pasaje selon kantite aks ki nan kay-sou-woulèt la. **Kòd Plan: (MHM)**

*** Ou dwe bay prè anrejistreman veyikil la pou resevwa tarif espesyal ki gen rabè a.

PEYE POU CHAK VWAYAJ avèk Plan Estanda a

PEYE POU CHAK VWAYAJ avèk Plan Estanda a: Sa a se yon plan "ki peye apre" k ap pèmèt ou konekte kont *E-ZPass* ou avèk kont kouran labank ou epi peye pou tout peyaj *E-ZPass* ou yon sèl fwa chak jou, dirèkteman nan kont labank ou, pou jou lè ou itilize peyaj *E-ZPass*. Ou pa bezwen kenbe lajan kòm "balans ki peye davans" tankou avèk lòt plan *E-ZPass* yo, ou pa bezwen bay yon nimewo kat kredi, epitou nou p ap pran lajan nan kont ou jouk lè ou dwe peyaj yo (sof nan kèk sikonstans lajounen ou enskri a). Si ou bay yon fòm peman sekou avèk kat kredi, ou p ap gen obligasyon pou konsève yon depi pou chak transpondè ki sou kont ou, epi kat kredi a ap sèvi ou tou kòm yon dezyèm metòd peman si nou pa kapab pran lajan nan kont labank ou pou nenpòt rezon. Pou jwenn plis enfòmasyon gade seksyon [PAY PER TRIP FAQ \(Kesyon Moun Poze Souvan sou Peman pou Chak Vwayaj\)](#). PEYE POU CHAK VWAYAJ disponib pou kliyan endividyèl (prive) ki nouvo epi ak sa ki la deja sèlman. **Kòd Plan: (PPT)**

Nouvo kliyan yo ka itilize plan PAY PER TRIP (PEMAN POU CHAK VWAYAJ) si yo chwazi deskripsyon plan "PAY PER TRIP with Standard Plan" pandan y ap enskri a. Kliyan EZPass ki deja:

- Ale sou sitwèb www.ezpassny.com epi konekte nan kont ou
- Ale nan Plan yo epi chwazi "PPT"
- Swiv enstwiksyon yo pou antre nan enfòmasyon sou operasyon labank ou (si li pa konekte avèk kont ou deja) epi fè enskripsyon PAY PER TRIP

PAY PER TRIP pa disponib pou kliyan Biznis oswa kliyan Komèsyal yo.